



## CONSUMER AFFAIRS DIVISION

115 S. Andrews Avenue, Room A460 • Fort Lauderdale, Florida 33301 • 954-357-5350 • FAX 954-765-5309

### LÈ DEZAS FRAPE FÈ ATANSYON AK VÒL SOU KONSOMATÈ

**Ogmantasyon pri:** Depi yo fin declare yon eta dijans li ilegal pou monte pri byen esansyèl yo. Pri a pa fèt pou li depase sa li te ye 30 jou anvan eta dijans lan te deklare. Men kèk ekzanp pwodui esansyèl yo: manje, dlo, glas, gaz ak planch. Konsomatè Konte Broward k ap achte materyèl pou siklòn dwe ensiste pou yo ba yo resi. Si ou santi yo twonpe w, ou dwe dokimante ensidan an epi rapòte li kou w kapab bay Divizyon Zafè Konsomatè (Consumer Affairs Division) nan 954-357-5350 oswa voye yon imèl bay [consumer@broward.org](mailto:consumer@broward.org)

**Reparasyon nan Kay:** Fè atansyon ak fo konpayi reparasyon kay. Asire w konpayi k ap ranje kay ou a genyen yon lisans pwofesyonèl epi moun ou bay kontra a genyen yon lisans antreprenè valid pou Eta Florid oswa Konte Broward. Asire w tout aranjman yo, enkli dat pou travay la fini, pri materyèl yo ak frè pèmi a ekri nan yon kontra. Pa janm fin peye tout bagay jiskaske travay la fini epi yo renmèt ou papye sou tout privilèj antreprenè oswa biznis k ap travay sou pwopriyete w la genyen. Dapre lwa Florid la ou genyen twa jou pou anile yon kontra renovasyon oswa reparasyon kay ki gen finansman ladan li.

**Prè pou kouvri Frè Alavans:** Pa kite yo tante w ak pwomès yon prè garanti pou reparasyon kay, pou yo fè w peye frè yo alavans. Frè sa yo kapab wo epi gen anpil chans pou pa janm wè lajan sa a ankò. Malgre enstitisyon legal yo enpoze yon frè pou operasyon yo, yo pa bay pèsonn garanti ni pwomès y ap prete l lajan si kredi l pa bon.

**Fo Ekspè Nan Asirans(Insurance Adjusters):** Gen anpil moun k ap pran pòz yo se ekspè nan asirans, y ap bay manti, fè konprann yo kapab akselere pwosesis reklamasyon yo pou yon pri, Moun konsa, ou fèt pou denonse yo bay konpayi asirans yo di yo reprezante a, ou dwe pou denonse yo tou bay Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) nan 1-800-342-2762.

**Demachè:** Achte a gen twa jou pou li anile yon vant ki depase \$25 ke yon demachè fè avèk li, tankou kontra finansman pou renovasyon kay. Yon vant ak demachè se nenpòt ki vant ki fèt nan yon lokasyon ki pa ofis ou biznis vandè a.

**Fo Tès Dlo:** Konsomatè yo dwe fè atansyon ak malonèt k ap ofri fè tès dlo oswa tretman dlo. Pou vann pwodui konsomatè yo pa bezwen, biznis malonèt sa yo fè konprann dezans natirèl gen dwa afekte dlo yo. Olye pou kwè nan manti malonèt sa yo, suiv bilten ransèyman otorite piblik yo tankou Sèvis anviwònmantral Konte Broward (Broward County Environmental Services) ak Depatman Lasante (Health Department) pibliye.

**Afichaj Pri Gazolin:** Estasyon gazolin yo gen obligasyon pou yo mete pri gazolin yo sou yon gwo afich devan estasyon an. Si pri yo bay sou gwo afich la pa menm ak pri nan ponp lan, yo dwe mete yon lòt afich sou tèt ponp lan ki pou detaye pri gaz ki pi chè a.

**Demachè pou Òganizasyon Charitab:** Apre yon dezans fin frape, gen souvan moun malonèt k ap mande lajan pou zèv byenfezans ki pa ekziste. Zèv byenfezans yo dwe anrejistre nan Florida Department of Agriculture and Consumer Services [Depatman Laflorid pou Agrikilti ak Sèvis Konsomatè]. Si ou gen keksyon sou yon òganizasyon charitab, rele 1-800-435-7352 pou tyeke si li anrejistre nan Divizyon Sèvis Konsomatè (Division of Consumer Services).

**Plent ak Keksyon:** Pou rapòte yon ensidan Vòl sou konsomatè, tanpri rele Divizyon Zafè Konsomatè (Consumer Affairs Division) nan 954-357-5350. Vizite sit Entènèt nou an nan [www.broward.org.consumer](http://www.broward.org.consumer)